


Buku Sejarah & Silsilah

Nyai Ageng Karang



ISI BUKU

Bebuka	2
I. Mula bukaning Nami “Karanganyar”	4
II. Tuwuhipun Karanganyar wiwit dados nami satunggalin dukuh ngantos nami Kabupaten Dalah Ibu Kitahipun.....	11
III. Papan dununging pasareyanipun Nyai AGENG KARANG ing Karanganyar.....	16

BEBUKA

Nuwun, senajan kula ngurmaosi tuna seserapan tumrap kawruh sejarah ewadenen delapdelapipun manah kula kumedah amerlokaken damel serta pengetan "MULA BUKANIPUN NAMI KARANGANYAR WIWIT DADOS NAMI SATUNGGILING DHUKUH ALIT TUWUHIPUN NGANTOS DADOS NAMI KABUPATEN DALAH IBU KITHANIPUN"

Pengeta kula wonten katrangan punika namung ringkes sagaduking seserap kula punapa dene kejawi saking tunaning kagunan kula, pandhapukipun tuwin iketanipun serta punika tanpa tataran ingkang prayogi.

Dene pikantuk kula katrangan (data) kanggen nyusun serat pumka, kula angginakaken metoda (cara) pengumpulan data, kadosta:

1. Oberservasi, wawancara, dokumentasi (sejarah, laporan) utawi metoda rasional.
2. Metoda metafisis utawi metoda irrasional (para norma)

Katrangan-katrangan (data) saking kalih metode kasebut kula himpun dados serat punika, nanging inggih taksih mawi kula lelimbang malih sapikantukipun sarana angempalaken saking kempalan nseserapannsadaya wau.

Dhumateng para sadherek ingkang sampun paring bantua awujud katrangan-katrangan kangge jangekping panyusunan serat pengetan punika, kula bolen kasupen ngaturaken gunging panuwun.

Wasana pinanggihipun carios ingkang pantes lajeng kula racut prayoginipun urutanipun tuwin kula kantheni bagan = garis keturunan (silsilah) Pangeran Diponegoro (RM. Notowiryo) Kartosuro dalah para Nata ing Surakarta lan Yogyakarta saking Sunan Pakuwubowo I (Pangeran Puger) Kartasura.

Mugi serat pengetan sapala punika wonten ginanipun sawatawis

Karanganyar, 5 Oktober 1980
Pangripta

(SOEKRO DJOGOSARKORO)

BEBUKA KANGGE CAP-CAPAN INGKANG KAPING 2

Buku pepengetan cap-capan ingkang kaping 2 punika jejeripun sami keliyan ingkan sampun, namung wonten ewah-ewahan sakedhik ingkang perlu dipun ewahi sahawonten sawtawis tambahanipun, inggih punika antawisipun:

1. Turunan serat tanggapan saking Sekretariat Negara saha Bapak Gubernur Kepala Daerah Tk. I Jawa Tengah (mriksanana Lampiran I lan II)
2. Turunan teks pidato Ketua JKPI Karanganyar (mriksanana Lampiran III)

Inkang punika andhadosna kauningan saha bokbilih wonten keikiranganipun ing samukawisipun mugi para maos paring pitedah saperlunipun.

Karanganyar, 5 Oktober 1980
Pangripta

(SOEKRO DJOGOSARKORO)

1. MULA BUKANIPUN NAMI KARANGANYAR

Ing tahun 1719 Sinuhun Paku Buwono I (Pangeran Puger) Kartasura seda. Sesedanipun Ingkang Sinuhun Paku Buwono I lajeng kagenosaken ingkang putra Sinuhun Amangkurat IV (Sinuhun Prabu Amangkurat Jawi). Ing wekdal jumenengpun ingkang Sinuhun Prabu Amangkurat Jawi, Kumpeni Walandi sampun saya ageng panguwaosipun wonten ing wewengkon Kartosuro.

Nyarengi kalayan jumeneng Ingkang Sinuhun Prabu Mangkurat Jawi ing saindenging Kraton para Pangeran ingkang sedya ngraman dhateng Kumpeni Walandi ingkang tumindak sawenang-wenang wonten Kartosuro. Antawisipun Pangeran ingkang medal saking Kraton Kartosuro inggih punika Pangeran Diponegoro (R.M. Notowiryo) Kartosuro dalah garwanipun Raden Ayu Diponegoro (R.A. Sulbiyah) kadherekaken sawatawis abdi ingkang setya dhateng Madiun.

Wonten ing Madiun Pangeran Diponegoro jumeneng Sultn Herucokro. Inggalipun wonten perang ageng antawisipun Perang Diponegoro (Sultan Herucokro) mengsah kaliyan Kompeni Walandi. Ing sarehne perang Diponegoro satunggaling putri prajurit, mila lagung "nyeopateni" para prajurit Pangeran Diponegoro Denen dedameipun para prajurit Pengeran Diponegoro inggih punika : bedhil, panah, keris, pedang, tumbak lan sapanunggilanipun. Dedamelipun Kumpeni Walandi senjata bedhil, mimisipun bebrondongan. Anggenipun sami perang rame sanget ngantos dados perang campuh, paten pinaten, pundi ingkang lena temtu pejah kenging gegaman. Wekdal semanten kathah pepejahan Enggalipun Pangeran Diponegoro (Sultan Herucukro) kenging kapikut dening Walandi lajeng kakendhangaken dhateng Tanjung Harapan, Afrika Kidul (tahun 1723).

Sareng Pengeran Diponegoro kapikut dening Walandi, R.Ay. Diponegoro saprajuritipun soroh amuk. Sarehne dangu-dangu R.Ay. Diponegoro karoban mengsah mila R. Ay. Diponegoro oncat saking peperangan. Awit saking punika R.Ay. Diponegoro dados buron Kumpeni Walandi. Wekdal semanten saoncatipun saking peperangan, lampahipun

R.Ay. Diponegoro dumugi ing tlatah Bangwetan sawetan Sala. R.Ay. Diponegoro mandheg ngaso lajeng damel gubug ing tegalan, kangge padhepokan, badhe wangsul kondur dhateng Kartosuro samar utawi R.Ayu. Diponegoro dhedhuk ing Bangwetan lajeng gantos nami Nyi Dipo kangge nylamur lampah. Denen panggesanganipun saben dintenipun pados ron dipun sade.

Kocapa, enggalipun Kraton Kartosuro pindah dhateng Sala, Katon Kartosuro kapindhah dhateng Sala dening Ingkang Sinuhun Paku Buwono II ing dinten REBO PON Tanggal 14 Sura 1670 (Masehi tanggal 17 Februari 1745).

Nalika semanten wonten kraman, inggih punika brontakipun Raden Mas Said nglawan Kumpeni Walandi ngartos tuwuh dados peperangan, ingkang kawiwitan nalika Kraton taksih wonten Kartosuro (tahun 1741) ngantos sampun pindhahipun dhateng Surakarta dereng sirep.

Pinuju satunggaling dinten Nyi Dipa pados ron. Wegdal Nyi Dipo pados ron, dumadakan Nyi Dipo angsal sasmita lamat-lamat, nanging cetha, dene dawuhipun sasmita mekaten : “Rahayu Nyi Dipa, sira ingsun jarwani ora adoh saka kene ana susah manuk drekuku tiba saka

dhuwur, tibane ana ing ngisor wit jati growong. Dene isine susuh iku piyik manuk drekuku siji, iku openana kang becik. Ing besuk manuk iku yen wis gede anggunge muni : "Sapa mangan aku bakal sinengkakake dadi luhur". Mula saka iku Nyi Dipa dadi lantaran wayahira R.M. Said, yen tekan kala mangsane, amarga wis cedhak pulung lan wahyune. Wayahira R.M. Said bakal teka ing padhepokanira, pandhereke telu Manawa wayahira teka ing padhepokanira, pendhereke telu. Manawa wayahira teka ing padhepokan paringana pasugatan :

1. Unjukan legen
2. Jenang katul
3. Iwak manuk drekuku kang sira openi iku,

Pasugatan ira iku minangka dadi pralambang, mengku karep ana tegese. Ing besuk jarwakna marang wayahira R. M. Said. Dene jarwane sira mengko wis mangerti. Cukup samene pangandikaningsun, kariya rahayu, ingkun kondur ing kayangan".

Sakendelipun suwanten, Nyi Dipa lajeng ngabekti, matur : ngestokaken dhawuh, kula nyuwun tambahing berkah pangestu saha kula andherekaken sugeng tindak.

Nyi Dipa lajeng madosi susuh peksi drekuku ingkang dhawah ing sangandhapipun wit jati growong, boten antawis dangu susuh peksi ingkang isinipun piyik drekuku satunggal pinanggih wonten ing sangandhaping wit jati growong, kapendhet terus kabekta dhateng padhepokan dipun openi kanthi sae wiwit piyik ngantos ageng. Sarang piyik drekuku sampung ageng anggungipun mungel : "Sapa mangan aku sinengkakake dadi ngaluhur". Peksi drekuku punika mboten dipun kurungi, amargi sampun cumbu, pramila saged saba dhateng pundi-pundi. Manawi enjing saba pados tedha, yen sonten wangsul dhateng padhepokan.

Kocapa, nalika semanten R.M. Said wonten ing Bangwetan dagan lenggah ing watu kumulasa angsal sasmita. Saren sampun cetha dhawhipun sasmita tumuli nimbali Ronggo Panambang, Kudanawarsa lan Nitidana, Enggalira ingkang dipun timbali sampun-sami sowan wonten ing ngarsanipun R.M. Said. R.M. Said ngandika : "Ronggo Panambang, Kudanawarsalan Nitidana, padha seksenana pangandikaningsun : Ing kene ingkun paringi aran Majagedang nganti tekan rejaning jaman, iku minangka dadi pralambang mengku karep, ana tegese :

1. Palenggahan ingkun ing watu Kumulasa iku mengku karep tegese : Panjenenganingsun bakal antuk pitulungan sangkan parane dumadi.
2. Maja iku mengku karep, tegese : Panjenenganingsun bakal katarima sedaningsun.
3. Gedhang iku mengku karep, tegese : Panjenenganingsun bakal antuk pepadhang". Ronggo Panambang, Kudanawarsa lan Nitidana matur ngestokake dhawuh.

Nalika samanten salebetipun R.M. Said lenggah ing Watu Kumulasa lan sabibaripun ngendika kasebut R.M. Said mireng lan pirsu peksi drekuku wonten ing satunggaling wit manggung ingkang anggungipun mungel : "Sapa mangan aku sinengkakake dadi ngaluhur"

Sareng R.M. Said midhanget anggungpun peksi drekuku kasebut, pramila peksi drekuku badhe kacepeng utawi kapikat nanging peksi drekuku lajeng mabur. Enggalipun RM Said kadherekaken Ronggo Panambang, Kudanawarsa lan Nitidana bidhal, tindakipun ngetutaken aburipun peksi drekuku. Mboten antawis dangu aburipun peksi drekuku dumugi ing padhepokanipun Nyi Dipa, lajeng mlebet ing padhepokan. R.M. Said kaliyan pandherekipun tiga, ugi dumugi padhepokanipun Nyi Dipa, sami mlebet pinanggih Nyi Dipa, dipun aturi sami lenggah. Sareng sampun sami satata lenggah Nyi Dipa matur :

“Sugeng ingkang sami rawuh, kula Nyi Dipa.

Inggang rawuh : “Rahayu Nyi Dipa, panjenenganipun R.M. Said dene wong telu iku pandherekingsun, yaiku Rangga Panambang, Kudanawarsa lan Nitidana:.

Nyi Dipa : “Wonten wigatosipun punapa sami rawuh ing padhepokan kula ngriki”

R.M. Said : “Rawuh panjenenganingsun ing kene iki ngestokake dhawuhing sasmita kang ingsun tanpa perlu mundhut manuk drekuku kang anak padhepokan arep ingsun dhahar”

Nyi Dipa : “Pamundhutipun R.M. Said peksi drekuku. Kula caosaken kanthi eklasipun manah kula lahir batin. Awit saking punika peksi drekuku kula olahipun langkung rumiyin, Pramila kula aturi ngentos sakmatengipun”.

Tumuli Nyi Dipa nyepeng peksi dekuku lajeng kepragad terus dipun olah. Sareng sampun rampung pengolahipun, R.M. Said kacaosan pasugatan wujud legen, jenang katul lan ulam peksi drekuku. Enggalipun R.M. Said nampeni pasugatan terus kadhahar.

1. R.M. Said ngunjuk legen namung sakedhik.
2. R.M. Said dhahar jenang katul saking tengah.
3. R.M. Said dhahar ulam peksi drekuku, nanging balungipun mboten kadhahar.

Sabibaripun R.M. Said dhahar, Nyi Dipa matur dhateng R.M. Said : “Saehne pasugatan kula sampun panjenengan tampi sarta sampu kadhahar Pramila ingkang wujud pasugatan punika minangka dados pralambang mengku kajeng tegesipun :

1. R.M. Said anggenipun ngunjuk legen naming sakedhik tegesipun : R.M. Said badhe sinengkakaken dados luhur, nanging wonten perjanjianipun lenggahipun ambawahaken wewengkonipun ingkang dipun pilih.
2. R.M. Said anggenipun dhahar jenang katul saking tengah, tegesipun ingkang gumantos luhur ping VII seda wonten satengahing (salebatin perang).
3. R.M. Said anggenipun dhahar ulam peksi drekuku balungipun mbonten kadhahar, tegesipun : ingkang gumantos luhur ping VIII gempal pangaribawanipun, gelgeripun ageng, nanging mboten nguwasi bawah ingkang dados wewengkonipun.

Inggang gumantos ping VIII inggih taksih nguwaosi ingkang dipun lenggahi. Lamun karsa mangun prihatin utawi mangun tapa nyuwun turunipun pulung wahyunipun nugraha ingkang dipun lampahi, badhe pulih pangaribawanipun.

Cekap semanten atur kula”

R.M. Said : “Banget panarimaningsun anggane njarwani Nyi Dipa. Saiki padha seksenana pangandikaningsun: Wiwit dina iki ing kene ingsun paringi aran “KARANGANYAR” nganti tumeka ing rejane jaman”.

Nyi Dipa, Rangga Penambang, Kadunawarso lan Nitidana matur ngestokaken dhawuh.

Nyi Dipa matur : “Sabda pangandikanipun R.M. Said ing dinten punika tanggal 16 Mulud 1670 mangku kajeng, tegesipun :

KA = Kawibawan ingkang dipun gayuh

RANG = Rangkepanipun lahir batin, pulung lan wahyunipun sampun tumurun

ANYAR = Badhe nampi prajanjian kanugrahan enggal (anyar) winisuda jemeneng Mangkunegoro I.

R.M. Said ngandika: "Banget panarimaningsun anggane njarwani Nyi Dipa Kajaba iku padha seksenana pangandikaningsun : wiwit ing dina iki Nyi Dipa ing sun paringi aran **"NYI AGENG KARANG"**.

Nyi Dipa (Nyai Ageng Karang), Ranga Panambang, Kudanawarso lan Nitidana matur ngestokaken dhawuh.

R.M. Said ngandika : "Sejatine Nyai Ageng Karang iku sapa lan saka ngendi ? Panjenenganingsun percaya, menawi Nyai Ageng Karang isih dharah luhur, buktine guwayane mawa cahya".

Nyai Ageng Karang matur : "Kula kala rumiyin garwanipun Pangeran Dipanegoro Kartosuro ingkang jumeneng Sultan Herucokro wonten ing Madiun. Nalika semanten Pangeran Diponegoro (Sultan Herucokro) perang mengsah Kumpeni Walandi. Kula dados putri prajurit, pengagengipun prajurit Pangeran Diponegoro nyenapateni perang nglawan Walandi. Rikala semanten kathah Walandi ingkang kula pejahi salebetipun perang punika kathah pepejah amargi perang campuh, pundi ingkang lena tamtu kenging gegaman. Enggalipun Pangeran Diponegoro kenging kapikut dening Walandi kakendhangaken.

Kula saprajurit lajeng sami soroh amuk, nanging gandheng dangu-dangu karoban mengsah, kula tumuli oncat saking peperangan ing Madiun. Enggalipun lampah kula dumugi tlatah Bangwetan sawetan Sala mandheg ngarso lajeng damel gubug ing pategalan kangge padhepokan. Kula badhe wangsul dhateng Kartosuro samar utawi kuwatos manawi konangan Walandi, amargi kula putri prajurit ingkang dados buron Walandi. Mboten antawis dangu R.M. Said kaliyan pandherekipun tiga rawuh ing padhepokan kula punika".

Sareng R.M. Said mireng andharanipun Nyai Ageng Karang, terus matur: "Mboten nyono menawi pinanggih eyang putri, ingkang wayah pun Said nyuwun berkah pangestu. Kajawi punika eyang, ingkang wayah nyuwun pangapunten sadoyo ingkang dados kalepatanipun anggenipun munglak krami, amargi mboten mangertos"

Nyai Ageng Karang ngandika alon: Said wayahku, bab iku ora dadi opo. Estokno pangandikaku mrih rahayuniro, manuta tatanane perjanjian mengko, manawi wis teko kolo mangsane, iki bakal ora suwe, nanging duweyo panjaluk miturut kan bakal kok karepake, jumbuhno karo tumindakiro, amargo mangertio Said, manowo panjajah Walondo durung teko kolomangsane lungu soko tanah Jowo amargo ing wektu iki isih kaiden dening ingkang Murbeng Jagad"

R.M. Said: "Ngestokaken dhawuh sabdo pangadiknipun eyang putri"

Nyai Ageng Karang ngandika: "Dk jarwani Said, gatekno, lakune Cakra

Panggilingan iku gilir gumanti, ing besuk lungane penjajah Walanda kang ono ing tanah Jawa manawa wis ono Satriyo Kinunjoro pinilih dadi penggedhe ing Tanah Jowo, adil tatanane kuncoro jenenge. Sapungkure banjur gilir Gumanti kang dadi panggedhe ing Tanah Jawa, iku nutugake wibowo mukti, ing kono wis cedhak kolo mangsane rejane tanah Jawa. Sawise ono pembersihan alam lan jagad ganti sareng ngate banjur gilir gumanti marang satriyo piningit dadi Sokoguruning Jagad, babaring jaman, rejane Tanah Jawa, liyo Nagoro padha tumungkul orangsaronu ginebug perang, amargo liyo nagoro padha keno bencana pageblug, esuk loro sore

mati, loro sore esuk mati, mulo liyo nagoro padha jaluk pangayoman marang Tanah Jawa. Awit soko iku wong tanah jowo podho kajen keringan, murah sandang lan pangan.

R.M. Said : "Sanget panuwun kulo anggenipun jarwan eyang putri. Sapunko keparenga kulo nyuwun pamit soho nyuwun tambah inggih berkah pangestu badhe nglajengaken lampah. Kantuno segeng eyang".

Nyai Ageng Karang : "Rahayu ingkang lakuniro sapandherekiro telu"

RM Said sasampunipun ngabekti dhateng Nyai Ageng Karang, lajeng tindak kadherekaken Ranga Panambang, Kudanawarsa lan Nitidana, nglajengaken perang nglawan Walandi.

Wondene Nyai Ageng Karang tetep dhudhuk ing Karanganyar, dados **CIKAL BAKAL KARANGANYAR** ngantos dumugi sedanipun, kakubur ugi ing Karanganyar.

Peperangan antawisipun R.M. Said kaliyan Kumpeni Walandi dipun pungkasi kanthi "Perjanjian Salatiga" tanggal 17 Maret 1757. Isine perjanjian kasebut antawisipun inggih punika : RM Said dipun tetepaken dados Mangkunagoro I mbawahaken wewengkon:

- a. Tanah Sukowati kidul
- b. Tanah Matesih
- c. Tanah Honggobayan
- d. Tanah Ngaroboyo
- e. Tanah Pajang
- f. Tanah Nglaroh
- g. Tanah Gunung Kidul
- h. Tanah Kedawung

Punika wiwit adegipun Praja Mangkunegaran, ibu kithanipun wonten ing Sala (Surakarta)

Ing tahun 1813 sabibaripun perang Sepei (Perang antawisipun Sultan Hamengku Buwono II Yogyakarta kaliyan Raffles) Praja Mangkunegaran (Sri Mangkunegoro II) nampi tambahan siti Kasultanan Yogyakarta, inggih punika Tanah Sukowati Kilen, Tanah Sukowati Wetan lan Tanah Wiraka. Sabibaripun Perang Diponegoro tahun 1830 nampi tambahan siti malih : Tanah Sukowati Tengah.

II. TUWUHIPUN KARANGANYAR WIWIT DADOS NAMI SATUNGGALING DHUKUH ALIT NGANTOS DADOS NAMI KABUPATEN DALAH IBU KITHANIPUN

1. Lahiripun Karanganyar dados nami dhukuh alit ing tahun 1745, ceplosipun tanggal 16 Mulud 1670 utawi Masehi tanggal 19 April 1745. Cikal bakalipun Nyi Ageng Karang. Nalika semanten Karanganyar dados dhukuh alit (badran enggal) kalebet wilayah Kasunanan Surakarta, ingkang ngasta puseraning Praja Kasunanan : Sunan Paku Buwono II.
2. Wiwit wontenipun "Perjanjian Giyanti" tanggal 13 Pebruari 1755 dhukuh Karanganyar ingkang taksih alit ingkang dumunung ing Tanah Sukowati Kidul kalebet wilayah Kasultanan Yogyakarta, amargi saindenging Tanah Sukowati dados wewengkon Kasultanan Yogyakarta. Ingkang jumeneng Sultan nalika semanten : Sultan Hamengku Buwono I (Pangeran Mangkubumi) tahun: 1755-1792.
3. Wiwit "Perjanjian Salatiga" tanggal 17 Maret 1757 Karanganyar taksih dhukuh alit mlebet wilayah Mangkunegaran, amargi ing Perjanjian kasebut Tanah Sukowati Kidul dados wewengkon Sri Mangkunegoro I (RM Said).
4. Ing tahun 1847 Sri Mangkunegoro III ingkang ngasta puseraning Praja Mangkunegaran (1835-1853) ngawontenaken tatanan enggal ing babagan pemerintahan (Pangreh Praja), inggih punika wiwit tanggal 6 Juni 1847. Wilayah Swapraja Mangkunegaran kabage dados Onderregentschap (Kabupaten Anom):
 - a. Onderregentschap Karanganyar
 - b. Onderregentschap Wonogiri
 - c. Onderregentschap MalangjiwanSaben Onderregentschap dipun pengagengi dening Wadana Gunung. Saben Wadana Gunung dipun bantu sawatawis Panewu Gunung. Satunggal-tunggalipun Panewu Gunung Kabantu sawatawis Pratinggi lan Penatus (Lurah dhusun lan Lurah Kampung). Awit saking punika wiwit tahun 1847 Karanganyar dados nami wilayah: "Onderregentschap" dalah nami ibu kithanipun.
5. Ing tahun 1875 (Ingkang ngasta puseraning praja Mangkunegaran Sri Mangkunegoro IV) Onderregentschap Malanjiwan kasawak lajeng ambangun Onderregentschap Baturetno, ing kitha Mangkunegaran Sala, dipun wonteni satunggaling Pangageng ingkang dipun wastani Panekaring Wedana Gunung ingkang tugas Kewajibanipun dados perantaran antawisipun para Wedana Gunung kaliyan Bupati Patih Mangkunegaran.
6. Ing tahun 1891 (Ingkang ngasta puseraning Praja Mangkunegaran Sri Mangkunegoro V) Onderregentschap Baturetno Kasuwak, tilas wilayahipun mlebet dados wilayah Onderregentschap Wonogiri.
7. Ing tahun 1903 (Ingkang ngasta puseraning Praja Mangkunegaran Sri Mangkunegoro VI) Panekaring Wedana Gunung kasuwak lajeng ambangun Onderregentschap kitha Mangkunegaran Sala. Ingkang makaten punika wonten 3 Onderregentschap:
 - a. Onderregentschap Karanganyar
 - b. Onderregentschap Wonogiri

- c. Onderregentschap kitha Mangkunegaran, Sala
8. Nalika Sri Mangkunegoro VII ngasta puseraning Praja Mangkunegaran (1916-1944) ngawontenaken utawi ambangun ing tata malih kados ing ngandhap punika:
- a. Ing tahun 1917 ngewahi status "Onderregentschap" dados "Regentschap" utawi Kabupaten dipun pengagengi dening Bupati Pangreh Praja. Awit saking punika ing Praja Mangkunegaran wonten 3 Kabupaten inggih punika:
 - 1) Kabupaten Karanganyar,
 - 2) Kabupaten Wonogiri
 - 3) Kabupaten kitha Mangkunegaran, Sala

Ingkang makaten punika Karanganyar wiwit dados nami wilayah Kabupaten dalah nami ibu kithanipun.
 - b. Wiwit tahun 1917 anetepaken kanthi gumathok, bilih ibu kitha Kabupaten Karanganyar watesipun saha wiwariun sa Kalurahan Kampung Karanganyar.
 - c. Wiwit tahun 1923 ngewahi status :
 - Panewu Gunung dados Wedana Pangreh Praja
 - Mantri Gunung dados Panewu Pangreh Praja
 - d. Ing tahun 1929 Kabupaten kitha Mangkunegaran kasuwak, tilas wilayahipun mlebet wilayah Kabupaten Karanganyar.
 - e. Ing tahun 1930 Kabupaten Karanganyar kasuwak, lajeng anggesangaken malih Kabupaten kitha Mangkunegaran, ibu kithanipun wontening Sala. Tilas wilayah Kabupaten Karanganyar dados wilayah Kabupaten Kitha Mangkunegaran. Karanganyar namung dados kawedanan kalebet wilayah Kabupaten Kitha Mangkunegaran. Kabupaten Kitha Mangkunegaran kabage dados 4 Kawedanan, inggih punika:
 1. Kawedanan Kitha Mangkunegaran ngliputi:
 - a) Kapanewon (Kecamatan) Banjarsari, ingkang wonten ing Kitha Sala.
 - b) Kapanewon Gondangrejo
 - c) Kapanewon Colomadu
 2. Kawedanan Karanganyar ngliputi:
 - a) Kapanewon Karanganyar
 - b) Kapanewon Jaten
 - c) Kapanewon Kebakkramat
 - d) Kapanewon Tasikmadu
 - e) Kapanewon Mojogedang
 3. Kawedanan Karangpandan ngliputi:
 - a) Kapanewon Karangpandan
 - b) Kapanewon Matesih
 - c) Kapanewon Tawangmangu
 - d) Kapanewon Ngargoyoso
 - e) Kapanewon Kerjo
 - f) Kapanewon Jenawi
 4. Kawedanan Jumapolo ngliputi:
 - a) Kapanewon Jumapolo
 - b) Kapanewon Jumantono
 - c) Kapanewon Jatipuro

d) Kapanewon Jatiyoso

f. Ingkang punika wiwit tahun 1930 Praja Mangkunegaran namung wonten 2 kabupaten inggih punika:

1) Kabupaten Wonogiri

2) Kabupaten kitha Mangkunegaran ngantos tahun 1946

9. Zaman "Kamardekan"

a. Atas dhasar panetepan Pemerintah RI tahun 1946 No. 16/SD Swapraja Mangkunegaran kasuwak. Awit saking punika Kabupten Kitha Mangkunegaran ugi kasuwak lajeng anggesangaken Kabupaten Karanganyar malih ngantos dumugi samangke punika.

b. Wilayah Kabupaten Karanganyar kadadosan saking tilas wilayah Kabupaten Kitha Mangkunegaran dipun kirangi wilayah Kecamatan Banjarsari, ingkang mlebet wilayah Kotamadya Surakarta. Kabupaten Karanganyar kabage dados 4 Kawedanan, inggih punika:

1) Kawedanan Wonoharjo / sebagian tilas Kawedanan Kitha Mangkunegaran) ngliputi:

a) Kecamatan Gondangrejo

b) Kecamatan Colomadu

2) Kawedanan Karanganyar ngliputi:

a) Kecamatan Karanganyar

b) Kecamatan Jaten

c) Kecamatan Kebakkramat

d) Kecamatan Tasikmadu

e) Kecamatan Mojogedang

3) Kawedanan Karangpandan ngliputi:

a) Kecamatan Karangpandan

b) Kecamatan Matesih

c) Kecamatan Tawangmangu

d) Kecamatan Ngargoyoso

e) Kecamatan Kerjo

f) Kecamatan Jenawi

4) Kawedanan Jumapolo ngliputi:

a) Kecamatan Jumapolo

b) Kecamatan Jumantono

c) Kecamatan Jatipuro

d) Kecamatan Jatiyoso

c. Antawis tahun 1952 sebagian wilayah Kabupaten Karanganyar dipun gabungaken mlebet wilayah Kotamadya Surakarta, inggih punika :

1) Kalurahan Mojosongo lan Kadipiro saking Kecamatan Gondangrejo

2) Kalurahan : Kerten, Jajar, Sumber, Banyuanyar lan Karangasem saking Kecamatan Colomadu.

Ing tahun 1960 Ibu Kitha Kabupaten Karanganyar Kawiyaraken (perluasan kota) kanthi wates-watesipun kados ing ngandhap punika:

1) Sisih kidul : boogduiker (urung-urung) Pitikan

2) Sisih Kilen : Ril lori ingkang dumunung sawetawis dhusun Jetak Papahan

3) Sisih ler : Sakleripun dhusun Bejen

4) Sisih wetan : Tugu Harjosari

(Keputusan DPRD Kabupaten Karanganyar tanggal 19 Oktober 1960 No. Kep.13/DPR/1960)

III. PAPAN DUNUNGIPUN PASAREYANIPUN NYAI AGENG KARANG ING KARANGANYAR

Dunungipun pasareyanipun Nyai Ageng Karang sakawit wonten ing papan pekarangan ingkang dipun edegi masjid Karanganyar samangke punika. Nalika ing pekarangan saderengipun kabangun Masjid wonten kuburan 7 cacahipun. Sareng wiwit ambangun Masjid ing tahun 1955 kuburan 7 cacahipun punika kabongkar lan badhe kapindhah. Kuburan ingkang 6 kerangka jenazahipun sampun rusak, dene anehipun ingkang satunggalipun kerangka jenazahipun Nyai Ageng Karang, ingkang ageng prabawanipun, pramila ingkang sami badhe mindhah ketaman prabawanipun sami ajrih. Enggalipun lajeng dipun tahlilaken, prabwa sirep, ing salajengipun sami wantun mindhah. Kerangka jenazah 7 wau terus dipun pindhah kakubur malih dados kalih luwangan, ingkang sisih kilen isi kerangka jenazah Nyai Ageng Karang, dene luwangan ingkang sisih wetan isi kerangka jenazah 6 ingkang sampun rusak. Kuburan kalih (kolahan) punika dumunung wonten wingking Masjid Karanganyar celak pangimanan.

Nalika dinten Jumuah tanggal 15 September 1978 kuburan kalih kasbut kapindhah malih dening Yayasan Kemasjidn dan Pendidikan Islam (YKPI) Karanganyar ingkang dipun sesepuhi (dipun pangarsani) Kyai Salimulhadi, dhateng panggenan ingkang langkung prayogi, inggih punika ing pasareyan Kampung Ngloji Karanganyar, Ugi dados kalih kuburan (luwangan), ingkang sisih wetan isi kerangka jenazah 6 ingkang sampun rusak, dene ingkang sisih kilen isi kerangka jenazahipun Nyai Ageng Karang. Wondene pemindhahan makam Nyai Ageng Karang cs. dhateng makam Ngloji Karanganyar, terangiun kadosdenen keteranganipun Ketua JKPI. Karanganyar ingkang turunanipun kalampiraken ing buku punika (Mriksanana Lampiran III). Salebetipun wulan Oktober 1981 Makam Nyai Ageng Karang (R. Ayu Sulbiyah) ingkang dumunung ing Makam Kampung Ngloji, Kalurahan Karanganyar, Kecamatan Karanganyar, Kabupaten Karanganyar dipun pugar radi pantes dening Panitia Pamugaran Makam Nyai Ageng Karang, ingkang susunan pengurusipun kados ing ngandhap punika:

1. Pelindung : Drs. Waloeoyo Cokrodarmanto - Bupati Kepala Daerah Tingkat II Karanganyar.
2. Penasehat : Soekro Djagosarkoro - Pensiunan Sekretariat Daerah Tingkat II Karanganyar
3. Ketua : Suprpto - Ketua DPRD Daerah Tingkat II Karanganya
4. Sekretaris/Bendahara : Supanggih - Pembantu Bupati Kepala Daerah Karanganyar untuk Wilayah Jumapolo
5. Anggota (Bagian Pelaksana) : Ir. Dwidoyo - Kepala DPU Kabupaten Daerah Tingkat II Karanganyar
6. Anggota : Drs. S. Widisiswanto - Pembantu Bupati Kepala Daerah Karanganyar untuk wilayah Karanganyar
7. Anggota : Wariso BA-Camat Karanganyar
8. Anggota : Suharta - Lurah Kampung Karanganyar

